Ассаламу гІалайкум!

ЗахІмат бихьичІого, рахІат бокьарас,
БекьичІого,лъилъе,нилъ гьечІого,хур.
Инхоса ГІали-хІажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 56 (6453) 2 ноябрь 2015 с. Итни МухІаррам 1437 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

## Бице, Эбел-ватІан...

### 4 ноябрь - Халкъалъул цолъиялъул къо

ХІурматиял районцоял! РакІ-ракІалъ баркула тІаде щолеб бугеб ТІолгороссиялъул байрам – Халкъалъул цолъиялъул къо. Гьеб байрамалъ ракІалде щвезабула бищунго захІматаб заманалда нилъер гІемермиллатазулаб халкъалъул цолъиялъ бокьарал захІмалъаби къезаризе, гьелъул эркенлъи ва чияда бачІолъи цІунизе нухал рагьараблъи. Октябралъул революциялъеги, гьелда хадусеб тарихалъеги кинаб къимат кьолеб бугониги, Россия букІана кІудияб пачалихъ лъун, гьединаблъун хутІизеги хутІана. ГІемермиллатазулаб Россиялъул халкъалъ кидаго цІунана гІагараб ВатІаналде рокьи. Гьеб байрамалъул мурад буго улкаялъул экономикияб гуч цІикІкІинабиялъе Россиялъул жамгІияб цолъи букІинаби.

Божилъи загьир гьабула, Россиялъул халкъазгун цадахъ, нилъер Гумбет районалъул гІадамазги ВатІан цебетІезабиялъе гІоло жигараб къеркьей хадубккунги гьабизе букІиналда.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, халатаб гІумру, хІалтІулъ, цІалулъ бергьенлъаби, ракълилаб, роцІцІараб зоб.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев,**
**районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров.**

## Судебниял приставазул къо

1997 соналъул 6 ноябралдаса кІодо гьабулеб буго судебниял приставазул къо. Гьеб къоялъ къабул гьаруна ва къуваталде лъугьана «Судебниял приставазул хІакъалъулъ» ва «Исполнительнияб производствоялъул хІакъалъулъ» федералиял законал.

РакІ-ракІалъ баркула судебниял приставазда профессионалияб байрам. Гьарула хІалтІулъ бергьенлъаби, сахлъи, талихІрохел.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев,**
**районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров.**

ГІЕЛМУ-ХІИКМАТАЛЪУЛ ХІАЛБИХЬАРАЗЕ

## Лъайкьей ва цІиял технологиял

### Информатикияб инкъилаб ккараб XXI гІасруялъ чІахІиял тІалабал цере лъолел руго

**28 октябралда тІобитІана Гумбет районалъул администрациялъул иргадулаб заседание. Гьениб гІахьаллъи гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиевас. Къабул гьарун рукІана учреждениязул, гІуцІабазул нухмалъулел, районалъул школазул директорзаби, лъималазул ахазул нухмалъулел, росабазул поселениязул бутІрул ва цогидалги.**

Заседание рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетІер **ГІабдулахІажи ГІабдулкъадировас.** Гьениб гьоркьоб лъуна «Федералияб пачалихъалъул лъайкьеялъул стандарт гІатІидго хІалтІизабиялда хурхун Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъ гьабураб хІалтІул хІасилал ва церечІарал масъалаби» абураб суал. Гьеб суалалда тІасан докладгун кІалъана Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методикияб централъул нухмалъулев **Зайид ХІусенов.** Гьес докладалда тІадчІей гьабуна районалъул школазул



байбихьул классазда ФГОСалъул стандартал гІатІидго хІалтІизариялъул рахъалъ ругел цо-цо лъикІал рахъазда ва ругел гІунгутІабазда.

Исанасеб цІалул соналда тІадаблъун бихьизабун букІана ингилис мацІалъул дарсал кьезе 2, 3, 4 классазда. Амма, специалист гьечІолъиялда бан, гьеб предмет кьолеб гьечІо ЦІиликь, ЦІияб Аргъвани гьоркьохъел школазул байбихьул классазда ва, ТІаса Гьарадирихъ хутІизегІан, цогидал байбихьул школазда.

ЦІияб стандарталда рекъон 2015-2016 цІалул соналда байбихьул классазда цІалулев вуго 700 цІалдохъан, 5 классазда - 159 цІалдохъан. Киналго хьезарун руго тІахьаздалъун ва цІалул алатаздалъун. Гьезие дарсал кьолел учительзабаз лъугІизаруна лъай борхизабиялъул курсал.

**(Ахир-кІиабилеб гьум.)**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Шамалъул гьоролги хисана гІамал...

-2 гьум.



Щуго районалъул чемпион

-2 гьум.



БуцІцІун букІая мун, ах...

-3 гьум.



ГІамирканазул хан накалда ккедал...

-3 гьум.

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

# Шамалъул гьоролги хисана гIамал...

### МахIачхъалаялда тIобитIана Аргъвани росдал гIолилазул форум

**26 октябралда МахIачхъалаялда СайидмухIаммад-хIажи Абубакаровасул цIаралда бугеб фондалъул минаялъуб тIобитIана Гумбет районалъул Аргъвани росдал гIолилазул форум.**

Гьеб тадбир гIуцIана Гумбет районалъул имамасул кумекчи **МухIамад Зубайровас.** Дандеруссиналда гIахьаллъана «Сельсовет "Аргванинский"» росдал поселениялъул администрациялъул нухмалъулев **Сайпилав МухIамадов,** Дагъистан Республикаялъул диниял гIуцIабазулгун цадахъ рекъон хIалтIи гьабиялъул рахъалъ комиталъул вакил **АхIмад МухIамадзагьидов,** СагIидбег Даитовасул цIаралда бугеб исламияб институталъул проректор **ГIали НурмухIамадов.**

Форум рагьулаго, МухIамад Зубайровас абуна гьадинал дандчIваяз гIолилазул гьунки щулалъиялъе, исламияб диналда данде кколарел рикьалабазда гьорлъе ккеялдаса гьел цIуниялъе квербакъулин абун. Хадув кIалъазе вахъарав ЦIияб Аргъвани росдал мажгиталъул имам **ХIажи Иналовас** бицана гIадамазул гьоркьорлъаби щулияв, гьункарал, берцинал рукIиналъул бугеб кIваралъул.



«Гьоркьорлъаби лъикIал руго-ни, гIадамазул яшав, цоцаздехун хурхен цебетIураб букIуна, - ян абуна Иналовас.

Жидерго кIалъаязда АхIмад МухIамадзагьидовас, ГIали НурмухIамадовас, Аргъвани росдал мажгиталъул имам **Камил Якъубовас** тIадчIей гьабуна гIолилал Сириялде (Шамалде) иналъе исламияб диналда данде кколарел рикьалабаз бахъулеб бугеб хIаракаталъул ва гьединал хIажат гьечIел ишазда гьоркьоре гIолилал ккечIого хутIиялъе гIоло кьеркьезе ккеялъул.

Росдал поселениялъул бетIер Сайпилав МухIамадовас жиндирго кIалъаялда загьир гьабуна гIолилазул дандчIваязул кIудияб кIвар букIин ва, жеги цIикIкIун гIолилалги, интеллигенцияги, спортсменалги гIахьаллъун, хадурккунги дандчIваял тIоритIани, лъикIаб букIинин абуна.

**«Гумбет» РИО**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ

# Щуго районалъул чемпион

### Эркенаб гугариялъул зоналияв къецазда бергьана бакълъулазул речIчIухъан Набигула Астимиров

**Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ тIоритIарал эркенаб гугариялъул зоналиял къецазда бергьана МелъелтIа ДЮСШялъул речIчIухъан Набигула Астимиров.**

Набигула Астимировасул тренер **Шамил Халидовас** бицана зоналиял къецазда ГIахьвахъ, Болъихъ, Цумада, Гъуниб ва Гумбет районаздаса 1990 – 2000 соназда гьавурав нусгоялдаса цIикIкIун гугарухъан гIахьаллъанин.

Набигула Астимиров ункъго нухалъ ургуялде вахъана ва щибаб нухалда бергьана. Гьев ккола Дагъистан Республикаялъул тIоцебесеб бакIалъе гIоло гьаб соналъул призерги. ЦевэтIурав спортсмен гуревги, Астимиров ккола мисалияв цIалдохъанги.



«ГIолеб гIел гьединазул мисалазда куцизе ккола» - ян абуна Гумбет районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, гIолилазул политикаялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель **НурмухIамад МухIамадовас.**

**«Гумбет» РИО**

ХАСАЛИХЪЕ ХIАЛИЛ АНКЬ

# Хаселбекьалъул гьарзаяб бачIин

### Араб соналдаса цIикIкIун рекьи

**Гумбет районалъул магIишатаз хIисабалде босун буго хаслихье рекьулел культураби араб соналдаса цIикIкIун ракьалда рекьизе. 20 октябралде рекьи гьабуна планалде босаралдаса 12,4% цIикIкIун ракьалда.**

«Хаселбекьалъул бачIин 2015 соналъ гьарзаго бакIариялъ, ай 22,5 центнер щибаб гектаралдаса щвеялъ, хаслихье жеги цIикIкIараб ракь бекьизе гьирачилъи цIикIкIана ва магIишатазул нухмалъулез 2016 соналъ тIоцебе бакIаризелъун араб соналдаса 14,3 проценталъ цIикIкIун ракь бекьизе хIукму гьабуна», - ян абуна Гумбет районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул ва буголъиялъул гьоркьорлъабазул отделалъул нухмалъулесул заместитель **Ибрагьим Ибрагьимовас.**

Хаслихье рекьулел культураби араб соналдаса гIемерго цIикIкIараб ракьалда гIезаризе руго Имам Шамилил цIаралда бугеб, гьединго «Мехельтинский», «Дружба» СПКязда.

**«Гумбет» РИО**

# Лъайкьей ва цIияв технологиял

### Информатикияб инкъилаб ккараб XXI гIасруялъ чIахIиял тIалабал цере лъолел руго

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

Докладалда рехсана 2016 соналъул тIоцебесеб январалдаса байбихьун гьединалго стандартал тIоритIизе рукIин киналго лъималазул ахаздаги. Гьелда хурхун тарбиячагIи ритIулел руго лъай борхизабиялъул курсазде, тIоритIулел руго семинарал.

Докладалда тIасан кIалъазе рахъарал Гьоркь Инхо гьоркьохъеб школалъул директор **МухIамад Жамалудиновас,** ЦIаналъ аслияб школалъул директор **СагIидбег МутагIиловас,** Игьали гьоркьохъеб школалъул директорасул байбихьул классазулгун хIалтIи гьабиялъул рахъалъ заместитель **Сайгидула СайгидмухIамадовас,** ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул учительница, гьоркьияб зонаялъул байбихьул классазул учительзабазул цолъиялъул нухмалъулей **Галина МухIамадоваль** бицана, цIияб стандарталда рекъон дарсал кьезе ккани, школалда ругел гIунгутIабазул, гIолелгIоларел рахъазул, дандчIвалел захIмалъабазул.

Заседаниялда кIалъазе вахъана ЦIияб Данухъ гьоркьохъеб школалъул директор **ГIисахIажи Юнусовги.**

Ахиралда хIасилазулаб кIалъай гьабуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. Гьоркьоб лъураб суалалда хурхун, къабул гьабуна хIукмуги.

**ХадурагIи.**

**Рищиял ва хиса-басиял**

Гумбет районалъул администрациялъул щибаб моцIалъ тIобитIулеб заседаниялъул дандельиялдаса хадуб районалъул росабазул бутIрул рищиялъул хIакъалъуль кIалъай гьабуна районалъул нухмалъулев МухIамадгIали МухIамадгIалиевас. Росабазул бутIрул рищизе щибаб росулъ гIуцIарал хасал комиссияз цIар чIвана Гумбет районалъул 15 муниципалитеталъул 11-яльул бетIерасда. Гьоркь Инхо ва Ингишо росабазул бутIрул жеги рищун гьечIо. «Сельсовет "Аргванинский "» ва «Сельсовет "Игалинский "» гIуцIиязул бутIрул цересел соназдаго рищун рукIана **(Сайпилав МухIамадов ва ХIажимурад МухIамадов).** ЦIиял бегавулзаби рищана МелъелтIа **(МухIамад ГIабдулнасиров),** Килаль **(АхIмад Каримов),** Чикь **(АхIмаднаби Абакаров),** Данухъ **(МухIамад КъурбанмухIамадов),** Гъадари **(ГъазимухIамад ГIусманов)** ва «Сельсовет "Цунди-Шабдухский"» **(АхIмад Набигулаев)** росабалъ. «Сельсовет "Арадирихский"» муниципалияб гIуцIиялъул нухмалъулевлъун вищана гьенив бегавуласул ишал тIуразарулев вукIарав **Камил Шапиев.** Росабазул бегавулзаби рищиялъул хIукмаби рахъулел руго «Гумбет» басмаялъул гьаб ва хадусел номеразда. ЦIилик, ЛъаратIа, ЧIиркъатIа, ГIад Инхо росабазул бегавулзабилъун рищана цере гьел хъулухъазда рукIарал нухмалъулел **(ГIалихан ДавудхIажиев, Анвар Зулумханов, ХIадисхIажи МухIамадов, МухтарахIмад МухIамадов).**

«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас дандельиялда цIиял рищарал бегавулзабазда баркана цIиял хъулухъал, гьарана гьезие икьбал ва цебетIей. Гьединабго гьара-рахьи гьабуна цогидал хъулухъчагIазеги. Баракат лъегиха гьабулеб-толелда! Амин.

**ГIайшат Исламбиева**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Бакълъулазул гIолохъанав Пифагор МухIамад ХIажиев

### Республикаялъулаб хIисабалъул олимпиадаялда тIоцебесеб бакI щвана гьесие

**Гьаб соналъул 24 октябралда МахIачхъалаялда Дагъистаналъул педагогическияб университеталъул хIисабалъул факультеталда тIобитIана республикаялъул цIалдохъабазул хIисаб гIелмуялъул «Пифагор» олимпиада. Гьеб гIуцIун букIана МахIачхъалаялъул «Надежда» школалъ, педуниверситеталъ ва Москваялъул хIисаб гIелмуялъул централъ.**

Гьениб гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул 12 цIалдохъанаси. МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан **МухIамад ХIажиевас** гьениб босана тIоцебесеб бакI. Гьал каникулазул заманалда МухIамад ХIажиев ахIун вуго Избербашалде, Дагъистаналдаса 60 лъимералда цадахъ, Москваялъул преподавателаз дарсал кьезе ругел курсазде. Олимпиадаялда лъикIал хIасилал рихьизаруна ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул 8 классалъул цIалдохъан **Пайзат МухIамадоваль** ва ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул 6 классалъул цIалдохъан **Наби Набиевас.**

Баркула МухIамад ХIажиевасда гьеб гIуцIи бергьенлъи. Хадурги гIемерлъаги бергьенлъаби ва гIумрудул нухда лъикIабщинаб дандчIваги. Амин.

**ГIайшат Исламбиева**

АХИХЪАНЛЪИЯЛЪУЛ СОН

# БуцIцIун букIая мун, ах...

### Исана ахал чIобого лъалъана

**Давуд МухIамадгичиев гьавуна Гумбет районалъул Игьали росулъ 1958 соналда. Гьениб 8 классги лъугIизабун, хадувккун цIалана Каспийск шагьаралъул СГПТУялда. Хъулухъ гьабуна Советияб армиялда. Гьениса вуссиндал, лъугIизабуна автошкола ва 1980 соналъ хIалтIизе лъугьана автоколоннаялде. 2006 соналда тIамуна Гъизилюрталъул мелиорациялъул филиалалъул Гумбет районалда бугеб участкаялъул начальниклъун. 2015 соналъ гьеб рехана Гъизилюрталдаса Хунзахъе ва жакъа къоялде щвезегIан нухмалъи гьабулеб буго гьес гьеб филиалалъул Гумбеталъул участкаялъе.**

Давуд МухIамадгичиева-сулгун букIараб дандчIваялда «Гумбет» басмаялъул хIалтIу-хъанас гьесие суалал кьуна, мелиорациялъул бугеб хIал цIехон.



## Лъел рогIразул нусго километр

**- Бицеха нужер организациялъул хIалтIул, щиб гьабун бажарараб, щиб гьабичIого хутIараб?**

- Къокъ гьабун абуни, Гумбет районалда руго кинабниги 100 километралда лъел рогIрал, гьездасан Игьалир руго 17 километралда лъим бачарал рогIрал, лъим къабулеб лъабго насос. Ингишоб 14, Аргъваниб 17, ЧIиркъатIа 26 километралъул манзилалда руго лъим бачарал рогIрал, Инхобги буго насосалъ лъим къабулеб къагIида.

Нижер гIуцIиялъ тIубаза-була районалда ахал-хурзал лъалъаялъул киналго хIалтIаби, абизе бегьула, росдал магIишат цебетIеялъе кIудияб кIвар буго нижер гIуцIиялъул. Исана цо нилъер районалда гурони, чIобого лъим къабулеб бакIги букIинчIо, кибго гьабун буго лъим къаби мухьдахъ.

## Исана – чIобого, хадуб - мухьдахъ

**- Гумбеталда лъим чIобого къабиялъул иш кин ккараб, гьеб лъил хIаракат?**

- Исана кIвана гьеб чIобого хутIизабизе районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул хIаракаталдалъун, районалъул росдал магIишаталъул идаралъул ва дирго хIаракаталдалъун, исана Ахихъанлъиялъул сон лъазабун букIиналъулги ккана гьениб гIезегIан кумек.

БачIунеб соналъ, гьелде хIадурлъиги гьабун, мухьдахъ лъим биччалеб къагIида букIине буго. Насосалъ къабулеб бакIалда токихъ гIарацги гIадамаз къезе ккола. Кин бугониги, гIезегIан къадруяб хIалтIи буго нижер, гьабгощинаб гъветI-хералъе лъим чIезаби, гьеб гуребги, гьекъезеги хIалтIизабула гьеб лъим. ИгьелдерицаInкIкIвалитIаса лъун ругел рогIразухъан бачIунеб лъим чара гьечIого хIажатаб буго, гьебги кIвана исана гьоркьоса къотIизе течIого хIалтIизабизе. Хундерицаги гьелъие кумек гьабуна - кIиго насос, задвижкаби къуна. Лъил гIайбали лъаларо, гьанже хасалихъе, лъимги къечIого, лъалъачIого хутIана ахал, гIиллалъун гьелъие бачана бакIалъул администрацияз гIарац рехун гьечIилан.

**- Сагърисан МелъелтIе нухазда хъил тIолаго, рахъун рукIарал рогIразда щиб гьабураб?**

- Исана нижее щвана хIукуматалдасан кумек, къокъаб заманалда жаниб гьенире рогIралги рехун, гьел хисизе хIалтIи гьабуна. Гъая бугеб рогIоро хисана, цо хутIичIого, гьанже гьабулеб буго лъел бетIералда чIиркъдерие хIавуз, гьенире хIадурун руго къалал-емкостали.

## Щибаб лъел бетIералда – цо-цо хIалтIухъан

**- Гумбеталъул участкаялда нужер чан хIалтIухъан вугев?**

- Щибаб насос бугеб бакIалда вуго кIи-кIи чи, Инхов вуго 3 хIалтIухъан, щибаб лъел бетIералда цо-цо хIалтIухъан, дунгоги малъун ,14 хIалтIухъан вуго.

**- Мухь щолел хIалтIухъа-би ругищ гьел?**

- Риидал, хасало батIалъи гьечIого, чIезарурал харжал руго гьезие.

**- Давуд, дуца абухъе лъим мухьдахъ букIине батани, цебеккунго лъазе ккеларищ росабазул бутIрузда, бюджет къабул гьабилалде, лъехь гIарац бихьизабизе хас гьабун?**

- Гьебги хIисабалде босун, бачIунеб соналъе нижеца лъим кьолел росабазул администрациязулгун къотIи-къаял гьаризе руго, гьез жидерго бюджеталда гьелъие гIарац лъезе.

**- ХIалтIулъ дандчIвалел захIмалъаби ругищ?**

- Гьел гьечIого рукIинаро, масала, насосал хола, кIиго соналъ гурони гьел хIалтIуларо, росизе ккани, гьанир ругел гIадал гьел щоларо, хвараб хисизе алат бичун босизе щоларо.

Амма росабазул жамагIа-тазул кумек щола нижее. Игьали, Аргъвани росабазул жамагIатаз, гьезул администрациязул бутIруз цIакъго кумек гьабула. Игьалив лъел бетIералда тарав хIалтIухъан ЦIаналъа СултIан АбулхIасанов вуго жигарав хIалтIухъан. Киналго захIмалъаби нижерго къуваталдалъун тIуразаризе хIаракат бахъула.

- Баркала Давуд МухIамадгичиев, ракI рагьараб хабаралъухъ, кьеги Аллагьас нужее къуват халкъалъе пайда босизе лъим чIезабизе.

**Гара-чIвари гьабуна Исрапил Заирбеговас**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ, МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# ГIамирканазул хан накалда ккедал...

### Аргъваниса чемпионал

**Гумбет районалъул Аргъвани росулъа КъурбангIали ГIабдусаламов 10 октябралда Сочиялда М - 1 Челлендж организациялъул профессионалияб къабгIеялда бергьана американав Ли Моррисоникьа. Гьесул гьеб ккола лъагIалида жаниб щуабилеб бергьенлъи, цере гьес къезарун рукIана францужав, гуржияв, испанияв, киргизав ва гьанже американавги къезавуна.**

КъурбангIали ГIабдусаламов ккола джиу-джитсуялъул ва грэпплингалъул рахъалъ Россиялъул чемпион ва панкратионалъул рахъалъ дунялалъул чемпионги.

Гьединго Аргъвани росулъа **Къурбан ХIажиев** 10 октябралда Турциялъул Анкара шагьаралда грэпплингалъул рахъалъ дунялалъул чемпионлъун вахъана. Гьев ккола джиу-джитсуялъул ва панкратионалъул рахъалъ Дунялалъул чемпион, рагьулаб самбоялъул рахъалъ вахъана Россиялъул чемпионлъун. Гьев рингалда гIахьаллъана 12 профбоялда ва киназдаго бергьана.



**ХIажимурад ХIажиев** ккола Аргъваниса гIолохъанав гугарухъан. Гьев вахъана 3 октябралда СКФОялъул чемпионлъун. ХIажимурад ХIажиевас СКФОялда босараб лъабабилеб бергьенлъи ккола гьеб. 54 – 58 кг. цIайиялда гьев ункъго нухалъ эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионлъунги вахъана.

Эргъвендерил жамагIатчагIи рохарал руго нижер гIолохъабаз спорталъул рахъалъ лъикIал хIасилал рихьизарулел рукIиналдаса. Гьарула гьезие сахлъи ва хадурккунги бергьенлъаби.

**МухIамад Зубаиров,**
**Гумбет районалъул имамасул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул рахъалъ кумекчи.**

**Сураталда:(квараниса квегIиде) КъурбангIали ГIабдусаламов, Къурбан ХIажиев, ХIажимурад ХIажиев.**

ЗУЛАЙХАТИЛ ГIАКАГИ ГIАЛИГЪАЛБАЦIИЛ ОЦГИ

# 80 соналъ тIагIун букIараб унти

### ЦIодорлъи гьабе : нодулярный дерматит

**Нодулярный дерматит (чанхъил унти) ккола чIегIербоцIуль хехго тIибитIулеб, тIомоде тIаде чанхъал ралеб унти. Гьеб унти тIибитIун букIана Африкаялда, Румыниялда, Венгриялда, Германиялда, Австриялда. Ахирисеб 80 соналда гьеб унти баккун букIинчIо СССРалда ва Россиялда.**

Гьал ахирисел моцIаз (август – сентябрь) гьеб унти баккана Гъизилюрталъул ракьалда Хунзахъ районалъул хъутабазда. Щиб унтияли гьеб лъаларого, Москваялдаса рачIарал специалистаз материал ун хадуб, чIезабуна гьаб тIадехун рехсараб унти букIин. ГьабсагIаталда гьеб унти буго ЛъаратIа районалъул магIарухъ, Хунзахъ, Лак, Хьаргаби районалъул хъутабазда, Хъумторхъалаялъул районалъул магIишатазда, Хасавюрт районалъул цо-цо росабалъ ва Бабаюрт районалъул Шаваялда бугеб зонаялда. Унти баккизабулеб жо ккола лъабго тайпаялъул вирус. Гьеб вирусалъ унтула чIегIербоцIи, гIицIани, гIанкIал, гIункIкIал. Гьелъул тIибитIи тIубан рагIа-ракьанде щун чIезабун гьечIо, абулеб буго гьеб бахунин цоцазда аскIор рукIиналъ ва хIутIхъумуралдалъун ва тIаде загьирлъула 3 – 13 къоялдасан. Гьелъул вирус чIаго букIуна бакъвараб материалалда гьорлъ щуго соналъ ва гьелъ хIехьоларо багIари.

Унти щвараб хIайваналъул бахуна температура. ТIоцебе унтараб хIайваналъул бетIералдаса байбихьун, лъугьуна шишкаби. Хадубалде гьел лъел цIола, хьордола ва хадуб кьватI-кьватIула. ХIайваналъул берал чвахула, рилълъин хисула, кIал чвахула, бечIчIулеб гIакдал гьвари кIодолъула ва рахьдал кьер хисула, магIарзухъан квешаб махI бугеб реччел баккула. Унти халалъидал, кIалдир пулал рахъуна ва гъуърулъ, бакьалъ, кванирукъалда гьединалго пулал рахъуна, гьел сахгьаризе захIмалъула. ХIайваналъул цIуцIдул унтула.

Жакъа къоялде гьеб унтуда данде чIолеб хасаб вакцина гьечIо. Гьеб унти гIиял чанхъил унтиялда (оспа) рельъараб букIиналъ, ай гьеб баккизабулеб вирус рельъараб букIиналъ, гьеб унтуда данде гIияе гьабулеб вакцина гьабеян абулеб буго, амма гьеб гьабураб бакIалдаги гьеб баккичIого чIолеб гьечIо, гьелда данде хасал тадбирал гьаричIони. Унти баккараб бакIалда лъола карантин ва гьукъула гьенисан кьватIибе ва жанибе боцIи бачине, продуктал раччизе, карантин лъураб бакIалда жанибги боцIи добе-гьанибе бачине бегьуларо. Унтараб хIайван хехго батIа гьабула. Гьеб унти гIадамасде бахунин абун гьабсагIаталда гьечIо, амма вирусалъул мутация (хисбас) ккани, гьеб бахинчIого чIолин абун гIелмуялъги нахъчIваларо ва руго лъазабиял гьелъул лъабго тайпаялъул цонигиялъ гIадамал хваралги хIужаби кьватIисел улкабазда. Гьединлъидал, унтараб боцIуе хъулухъ гьабулаго, рукIине ккола цIакъго цIодорго.

Кинал тадбирал гьарилел, гьеб унти баккани?

1. Унтараб хIайван хехго батIа чIезабила ва дезинфекция гьабила.

2. ХIайванал чурила боцIи чурулеб даруялъ анкьида жаниб цо нухалъ унти баккичIого букIине, хIайваналда тIад хIутIхъумур чIеларедухъ. Хасго лъикIаб буго креолин – Х, гьелъул махI цIикIкIун заманаялъ тIаса унарелъул.

3. ХIалтIизарила тетрациклиналъул дараби: нитокс – 1мл. 10 кг. чIагояб цIайи хIисаб гьабун, 3 укол щибаб 3 къоялдасан;

(Ахир-ункъабилеб гьум.)

БАНКОВСКОЕ ДЕЛО

# «Дагэнергосбыт» сообщает

### Изменены банковские реквизиты

Юридический и почтовый адрес: ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания», 367020, Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Дахадаева, 73. ИНН 0541031172; КПП 054150001.

Банк получатель:

Расчетный счет: № 40702810601005496306 Филиал АКБ ЕВРОФИНАНС МОСНАРБАНК, Ставрополь

Корсчет: 30101810800000000787; БИК 040702787;

ИНН/ КПП 7703115760/263402001.

Местонахождение банка: 355003, г. Ставрополь, ул. Мира, д. 341

Назначение платежа:

1. Пункты договора энергоснабжения, не затрагиваемые уведомлением, остаются без изменения.

**ПАО «РОССЕТИ», публичное акционерное общество «Дагестанская энергосбытовая компания»**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Кнут и пряник налоговой политики

### Изменения в Налоговом кодексе России, касающиеся пенсионеров

**Земельный налог и налоговые льготы**

**Налог на землю относится к местным налогам и устанавливается местными властями. На федеральном уровне Налоговым кодексом в отношении земельного налога предусмотрены налоговые льготы, но пенсионеров среди перечня категорий лиц, которые освобождены от его уплаты, нет.**

Однако, налоговые льготы могут быть установлены нормативными правовыми актами соответствующих муниципальных образований. Вся информация об их наличии или отсутствии может быть предоставлена пенсионеру в местной администрации или налоговой инспекции. Чтобы воспользоваться льготой, предусмотренной актами местных органов власти, пенсионеру необходимо представить заявление и документы, подтверждающие его льготный статус.

**Освобождение от налога на имущество**

Налог на имущество установлен ныне действующим Законом «О налогах на имущество физических лиц», который утрачивает силу с января 2015 года. В соответствии с данным нормативным актом, от налогов освобождаются пенсионеры в отношении находящихся в их собственности строений, помещений и сооружений. При этом для применения льготы не имеет значение основание получения пенсии, а также количество объектов данной категории. Кроме того, необходимо заметить, что органы местной власти могут устанавливать дополнительные льготы по налогам для пенсионеров, не предусмотренные Налоговым кодексом.

Но, несмотря на принятие нового закона, пенсионерам, имеющим в собственности квартиры и иные объекты недвижимости, не стоит заранее расстраиваться. Поскольку и в 2015 году, когда изменения вступят в силу, пенсионеры также будут освобождены от уплаты налога на имущество, будь то квартира, хозяйственное сооружение, гараж или другое имущество. Но при этом льготы на имущественные налоги пенсионеры смогут получить только в отношении одного объекта недвижимости каждой категории, независимо от количества оснований для их применения. По сравнению с нынешним законодательством, данное положение ущемляет права пенсионеров.

**Ш. Гаджиев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России № 12 по РД**

МЕСТНОЕ САМОУПРАВЛЕНИЕ

# Глава села Гадари – Газимагомед Османов

**Республика Дагестан Муниципальное образование «Село Гадари» Гумбетовского района Собрание депутатов сельского поселения**

**25.10.2015** **Решение** **№16**

**Об избрании главы сельского поселения «Село Гадари»**

В соответствии с Федеральным законом от 06. 10. 2003 г. № 131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Законом Республики Дагестан от 16. 09. 2014 г. № 67 «О порядке формирования представительных органов муниципальных районов Республики Дагестан и избрания глав муниципальных образований Республики Дагестан», Уставом сельского поселения «Село Гадари», Положением о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность Главы сельского поселения «Село Гадари», утвержденным решением Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари» от 24. 08. 2015 г. № 3, Собрание депутатов сельского поселения «Село Гадари»

РЕШАЕТ:

1. Считать избранным на должность главы сельского поселения «Село Гадари» Османова Газимагомеда Магомедовича.

2. Опубликовать настоящее решение в районной газете «Гумбет».

3. Настоящее решение вступает в силу с даты его принятия.

**Председатель собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари» Магомедов М. Ю.**

# 80 соналъ тIагIун букIараб унти

**(Байбихьи-лъабабилеб гьум.)** окситетрациклин – 100, 200 – укол 0,5 мл. – 1 мл. 10 кг. хIисаб гьабун, къоялъе 1 укол 3 – 5 къоялъ; ветфлок 10 % - энрофлаксацин 2,5 – 5 мл. 100 кг. хIисаб гьабун, къоялъе 1 укол 3-5 къоялъ, амма гьаб укол тIадехун рехсарал дарабигун гьаризе бегьуларо.

Гьединлъидал, гьал уколал гьаризе бегьуларо речIчIулел, къинлъарал, къинал ва загIипал хIайваназе (ай лъикIаб гьечIо).

Гьал тIадехун рехсарал уколазда цадахъ къезе лъикIаб буго норсульфазол, сульфадемизин, сульфадеметоксин 1 – 3 гр. 3 нухалъ къода жаниб анкьго къоялъ. ХIалтIизабула чанхъазда тIад бахине йодалъул препоратал ва АСД-3 дару.

Гьари буго районцоязде, унти хехго тIибитIулеб букIинги хIисабалде босун, гьелда дандечIараб вакцина гьечIольиялде балагьун, боцIул бича-хиси хасаб заманаялъ гьоркьоб къотIизе теян (гьаб хаслихълъиялъул заманалда хьихьизе боцIи доба-аниса босулельул) унтараб хIайван ккани, нижеда лъазабеян, зама-заманалдасан нужерго боцIул халгьабеян ва боцIи чуриялде кIвар кьеян. Гьедин цIунун рукIани гурони, нильеда гьеб унтул тIадецуй чIезабизе кIоларо.

**СайгидмухIамад ГIабдулкъадиров, Гумбет районалъул ветеринарияб управлениялъул бетIерав ветврач, ДРялъул мустахIикъав ветврач**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» газета-бакълъулазул тарих

### Подписка - 2016

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2016 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениязданги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги.**

Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIалулел! ХIаракат бахье цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе. Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2016 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**
**Почалдасан – 264 гъурущ.**
**Редакциялдасан – 160 гъурущ.**

**Бащдаб лъагIалие:**
**Почалдасан – 132 гъурущ.**
**Редакциялдасан – 80 гъурущ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспонденталь: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1339
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.